# TOQIMASHÍLÍQ KÁRXANALARÍNDA KORPORATIV BASQARÍWDÍŃ KLASTER USÍLÍ

***Orınbaeva Shahnoza Jumanbek qızı***

*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti Ekonomika kafedrası*

*"Ekonomika" qánigeligi 1- kurs magistrantı*

**Annotaciya:** *Bul maqalada toqımashılıq kárxanalarında korporativ basqarıwdıń shólkemlestirilgen-ekonomikalıq mexanizmlerin engiziwde klaster usılınıń mánisi hám áhmiyeti kórsetilgen. Klaster jantasıwı arqalı kárxanalar óz-ara integraciya qılınıp, natiyjeli basqarıw sisteması qáliplesedi. Sheriklik, resurslardan aqılǵa saykes paydalanıw hám innovaciyalardı engiziw arqalı toqımashılıq sanaatınıń básekige shıdamlılıǵı asırıladı. Sonıń menen birge, klaster usılınıń korporativ basqarıwdı jetilistiriwdegi abzallıqları hám ámeliy qollanılıw múmkinshilikleri analizlendi.*

**Tayanısh sózler:** *Korporativ basqarıw, klaster usılı, toqımashılıq kárxanaları, shólkemlesken-ekonomikalıq mexanizmler, integraciya, innovaciyalar, nátiyjelililik, resurslardı basqarıw, sheriklik, básekige shıdamlılıq.*

**Annotaciya:** *Ushbu maqolada to'qimachilik korxonalarida korporativ boshqaruvning tashkillashtirilgan-iqtisodiy mexanizmlarini joriy etishda klaster usulining mohiyati va ahamiyati yoritilgan. Klaster yondashuvi orqali korxonalar o'zaro integratsiya qilinib, samarador boshqaruv tizimi shakllanadi. Hamkorlik, resurslardan oqilona foydalanish va innovatsiyalarni joriy etish orqali to'qimachilik sanoatining raqobatbardoshligi oshiriladi. Shuningdek, klaster usulining korporativ boshqaruvni takomillashtirishdagi afzalliklari va amaliy qo'llanilish imkoniyatlari tahlil qilinadi.*

**Kalit so'zlar:** *Korporativ boshqaruv, klaster usuli, to'qimachilik korxonalari, tashkillashtirilgan-iqtisodiy mexanizmlar, integratsiya, innovatsiyalar, samaradorlik, resurslarni boshqarish, hamkorlik, raqobatbardoshlik.*

***Аннотация:*** *В данной статье раскрыта сущность и значение кластерного метода во внедрении организованных и экономических механизмов корпоративного управления на предприятиях текстильной промышленности. Благодаря кластерному подходу предприятия взаимно интегрируются и формируется эффективная система управления. Конкурентоспособность текстильной отрасли будет повышена за счет сотрудничества, рационального использования ресурсов и внедрения инноваций. Также анализируются преимущества кластерного метода в совершенствовании корпоративного управления и возможности практического применения.*

***Ключевые слова:*** *Корпоративное управление, кластерный метод, текстильные предприятия, организованные экономические механизмы, интеграция, инновации, эффективность, управление ресурсами, кооперация, конкурентоспособность.*

***Abstract:*** *This article describes the essence and importance of the cluster method in the introduction of organized economic mechanisms of corporate management in textile enterprises. Through the cluster approach, enterprises are mutually integrated and an effective management system is formed. The competitiveness of the textile industry will be increased through cooperation, rational use of resources and introduction of innovations. Also, the advantages of the cluster method in improving corporate management and the possibilities of practical application are analyzed.*

***Keywords:*** *Corporate management, cluster method, textile enterprises, organized economic mechanisms, integration, innovation, efficiency, resource management, cooperation, competitiveness*

Sonday – aq bul kárxanalardı nátiyjeli basqarıw sistemasın jaratıw, islep shıǵarıw processlerin jetilistiriw hám resurslardan aqılǵa say paydalanıwdı jolǵa qoyıwdan ibarat esaplanadı. Bul mexanizmler islep shıǵarıwdı shólkemlestiriw hám basqarıw principlerın kúsheytiw arqalı kárxanalardıń ekonomikalıq turaqlılıǵın hám básekige shıdamlılıǵın asırıwǵa qaratılǵan.

Korporativ basqarıwdıń tiykarǵı wazıypası sonnan ibarat, ol toqımashılıq kárxanalarında islep shıǵarıw natiyjeliligin támiyinlew, miynet ónimdarlıǵın asırıw, texnologiyalardı engiziw hám ónim sapasın jaqsılaw ushın zárúr strategiyalardı islep shıǵadı. Shólkemlestirilgen-ekonomikalıq mexanizmler kárxananıń barlıq bólimleri arasındaǵı ajıralmas baylanıstı támiyinlep, basqarıw sistemasında ashıqlıq hám esapdarlıqtı kúsheytedi.

Sonıń menen birge, bul mexanizmler resurslardıń optimal bólistiriw hám islep shıǵarıw ózine túser bahasın kemeytiwge járdem beredi. Mısalı, texnologiyalıq processlerdi avtomatlastırıw, zamanagóy basqarıw sistemaların qollanıw hám xızmetkerlerdiń qánigeligin asırıw sıyaqlı faktorlar kárxananıń natiyjeliligin asıradı. Korporativ basqarıw mexanizmleri shiyki onim jetkiziwden tartıp, tayın ónimdi bazarǵa shıǵarıwǵa shekem bolǵan barlıq basqıshlardı basqarıwdı óz ishine aladı.

Usınıń menen birge, basqarıw sistemasın jetilistiriw investiciyalardı tartıw, kárxanalardıń finanslıq turaqlılıǵın támiyinlew hám innovciyalıq sheshimlerdi engiziwde zárúrli rol oynaydı. Shólkemlesken-ekonomikalıq mexanizmlerdiń durıs jolǵa qoyılıwı kárxanalardıń ishki hám sırtqı bazarlarda tabıslı islewine, eksport kólemin asırıwǵa hám toqımashılıq sanaatınıń rawajlanıwına úlken úles qosadı. Toqımashılıq kárxanalarında korporativ basqarıwdıń klaster usılı mánisi nátiyjelililik hám básekige shıdamlılıqtı asırıwǵa qaratılǵan innovciyalıq jantasıw esaplanadı. Klaster usılı degende málim bir aymaqta jaylasqan hám bir-biri menen tıǵız baylanıslı kárxanalar, ilimiy oraylar, jetkerip beriw hám xızmet kórsetiw shólkemleriniń birlespesi túsiniledi. Bul sistema óndiriwshiler, resurs jetkerip beretuǵın hám qarıydarlar arasında sheriklikti kúsheytip, qosılǵan baha shınjırı natiyjeliligin asırıw imkaniyatın beredi.

Bul qatnasta vertikal hám gorizontal integraciya zárúrli orın tutadı. Vertikal integraciya shiyki onimnen tayın ónimge shekem bolǵan barlıq basqıshlardıń bir sistemada basqarıwın ańlatadı. Gorizontal integraciya bolsa

kárxanalar hám shólkemler arasında texnologiyalar, bilimler hám resurslar almaslawın támiyinleydi.

Klaster usılı korporativ basqarıwdı jetilistiriw, resurslardan aqılǵa say paydalanıw, islep shıǵarıw qárejetlerin kemeytiw hám ónim sapasın asırıw imkaniyatın beredi. Bunnan tısqarı, klasterler ishinde ilimiy-izertlew jumısları hám innovaciyalardı keń engiziw ańsatlasadı. Bul bolsa texnologiyalıq jańalıqlardı óndiriske tez qollanıw hám bazar talaplarına maslasıwshı bolıw imkaniyatın beredi.

Ózbekstanda toqımashılıq klasterleri sisteması jedel rawajlanıp atır. Bul klasterler paxta jetilistiriw, onı qayta islew hám tayın ónim islep shıǵarıw processlerin birden-bir shınjırda birlestiredi. Nátiyjede kárxanalar arasındaǵı sheriklik bekkemlenip, eksport potencialı artadı hám global bazarda básekige shıdamlı ónimler islep shıǵarıladı.

Toqımashılıq sanaatın rawajlandırıw ushın jańa texnologiyalardı engiziw júdá zárúrli. Jańa texnologiyalar islep shıǵarıw processlerin tezlestiriw hám sapanı asırıw múmkinshiligin beredi. Sonıń menen birge, avtomatlastırılgan sistemalar hám robotlastırıwdı qollanıw islep shıǵarıw qárejetlerin kemeytiwge járdem beredi. Usınıń menen birge, texnologiya jańalanıwı ekologiyalıq tárepten taza hám energiya nátiyjeliligin islep shıǵarıwdı támiyinlewge xızmet etedi.

Innovciyalıq ónimler islep shıǵarıw da rawajlanıwdıń zárúrli tárepi esaplanadı. Ekologiyalıq taza materiallar, jańa toqımashılıq ónimleri hám qayta islew texnologiyaların engiziw bazarda óz ornın tabıwǵa járdem beredi. Sonıń menen birge, jańa dizaynler hám funkcional materiallardı islep shıǵıw arqalı da bazardı keńeytiw múmkin.

Xızmetkerlerdiń qánigeligin asırıw hám olardı turaqlı túrde rawajlandırıw da toqımashılıq kárxanalarınıń rawajlanıwına úles qosadı. Qánige jumısshı kúshi hám basqarıw sisteması natiyjeliligin asırıw, texnikalıq bilim hám kónlikpelerdi turaqlı túrde jańalap barıw zárúr.

Rawajlanıwdıń taǵı bir tárepi - korporativ basqarıw sistemasın jetilistiriw bolıp tabıladı. Nátiyjeli basqarıw sisteması strategiyalıq joybarlaw, resurslardıń

optimallastırıw hám finanslıq basqarıwdı jaqsılaw arqalı kárxananıń ishki hám sırtqı bazarlarında tabısqa erisiwge járdem beredi. Bul bolsa kárxananıń básekige shıdamlılıǵın asıradı hám turaqlı rawajlanıwǵa alıp keledi.

Toqımashılıq sanaatınıń rawajlanıwı, sonıń menen birge, eksport múmkinshiliklerin keńeytiw hám xalıq aralıq bazarda básekige shıdamlılıqtı támiyinlewge xızmet etedi. Bul tarawda iri kárxanalar hám kishi óndiriwshiler arasındaǵı sheriklikti kúsheytiw, kooperaciya hám klasterler shólkemlestiriw de zárúrli rol oynaydı.

Sol tárizde, toqımashılıq kárxanaların rawajlandırıw ushın texnologiyalıq jańalanıw, bilimlerdi jetilistiriw, nátiyjeli basqarıw sisteması hám innovaciyalardı engiziwdiń birlesken jantasıwları zárúr. Bul processler kárxanalardıń bazar talaplarına maslasıwshańlıǵın asırıp, olar ushın jańa múmkinshilikler jaratadı.

Juwmaqlap aytqanda, toqımashılıq kárxanalarında klaster usılınıń engiziliwin natiyjeli basqarıwdı támiyinlep, kárxanalardıń ekonomikalıq turaqlılıǵın hám básekige shıdamlılıǵın asırıwda zárúrli áhmiyetke iye boladı. Toqımashılıq kárxanalarında korporativ basqarıwdıń shólkemlestirilgen-ekonomikalıq mexanizmlerin nátiyjeli engiziw arqalı islep shıǵarıw processleri izbe-iz basqarıladı, nátiyjelililik artadı hám kárxanalar turaqlı rawajlanıwǵa erisedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Калмуратов Бахтияр Сейтмуратович ТЕНДЕНЦИИ И ПРИОРИТЕТНЫЕ НАПРАВЛЕНИЯ РАЗВИТИЯ ПРОМЫШЛЕННОСТИ РЕГИОНА //Бюллетень науки и практики. 2021. №12. URL: https://cyberleninka.ru/article/n/tendentsii-i-prioritetnye-napravleniya-razvitiya-promyshlennosti-regiona (дата обращения: 11.12.2024).

2. Kalmuratov, B. S. "The current state of innovative development of the construction industry of the republic of Uzbekistan. ISJ Theoretical & Applied Science,(02 (82)), 455-463." 2020,

ISSN 3060-4567

3. Kalmuratov B. S. Statistical analysis of the development of industrial production management in the region of the Republic of Karakalpakistan //Journal of Advanced Zoology ISSN. – С. 0253-7214.

4. Калмуратов Бахтияр Сейтмуратович, Бектурдиев Максет Бекбергенович ФОРМИРОВАНИЕ ИННОВАЦИОННОЙ СТРАТЕГИИ РАЗВИТИЯ В КОНКУРЕНТНОЙ СРЕДЕ СТРОИТЕЛЬНОЙ ИНДУСТРИИ // Бюллетень науки и практики. 2021. №6. URL: https://cyberleninka.ru/article/n/formirovanie-innovatsionnoy-strategii-razvitiya-v-konkurentnoy-srede-stroitelnoy-industrii (дата обращения: 11.12.2024).